

BAB III

MÉTODE PENELITIAN

3.1. Desain Panalungtikan

Minangka gembleran prosés anu diperlukeun dina rarancang panalungtikan jeung prak-prakan panalungtikan nepi ka pananya-pananya anu bisa dijawab, desain panalungtikan mangrupa salah sahiji léngkah nu kudu dilakonan atawa dijieun ku panalungtik sangkan panalungtikan nu bakal dilaksanakeun bisa lumangsung saluyu jeung tujuan nu rék dihontal (Mulyadi, 2012). Bisa dicindekkeun desain panalungtikan nyoko kana gembleran rencana pikeun ngumpulkeun data dina raraga ngajawab patalékan panalungtikan, sarta digunakeun pikeun téhnik analisis atawa métode husus anu rék digunakeun ku panalungtik.

Panalungtikan téh dimimitian ku ngébréhkeun pasualan-pasualan nu jadi dadasar panalungtikan. Ieu panalungtikan téh medar ngeunaan perkara wangun babasan jeung paribasa ngaran barang ogé ditéang ma'na jeung wangunna sacara léksikosemantik.

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif kalayan métode déskriptif. Métode panalungtikan dihartikeun salaku cara ilmiah pikeun meunangkeun data kalayan udagan jeung mangpaat nu tangtu (Sugiyono, 2017, kc 3). Métode panalungtikan nya éta cara nu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan (Arikunto, 2016, kc. 203). Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif kualitatif. Pamarekan kualitatif nyaéta risét nu sipatna déskriptif jeung sok ngagunakeun analisis jeung pamarekan induktif (Moha & Sudrajat, 2019). Métode kualitatif nya éta hiji prosedur panalungtikan nu ngahasilkeun data déskriptif mangrupa kekecapan tinulis atawa lisan ti manusa atawa tingkah paripolah jalma nu bisa ditalungtik (Bogdan jeung Taylor dina Sunarni, 2015). Sedengkeun ahli séjén saperti Santana (2010, kc. 5) nyebutkeun yén panalungtikan kualitatif mangrupa kajian rupaning studi jeung kumpulan rupaning jenis matéri émpiris, saperti studi kasus, pangalaman unggal jelema, pengakuan introspektif, pangalaman hirup, wawancara, artéfak, rupaning

téks jeung produksi, kultural, pengamatan, sajarah, interaksional jeung rupaning téks visual. Méthode déskriptif kualitatif nyaéta méthode ngolah data ku cara nganalisa faktor-faktor nu aya patalina jeung penyajian data sacara leuwih jero ngeunaan objék panalungtikan (Prabowo & Heriyanto, 2013).

Cindekna, panalungtikan kualitatif mangrupa panalungtikan anu ngahasilkeun pangalaman anu holistik, dumasar kana perspéktif partisipan anu luyu jeung kontéksna.

Dina unggal panalungtikan tangtu waé kudu aya desain panalungtikan, sangkan sistematis jeung puguh ngéntép seureuhna, luyu jeung pamadegan Hartati (2019, kc. 27-28) nyebutkeun yén desain panalungtikan nya éta karangka gawé sistematis nu digunakeun pikeun ngalaksanakeun panalungtikan, desain panalungtikan méré gambaran ngeunaan prosédur pikeun meunangkeun informasi atawa data nu diperlukeun pikeun ngajawab sakabéh pasualan panalungtikan. Nurdin (2019, kc. 28) nyebutkeun sacara umum dina desain panalungtikan kalibet sababaraha prosés, di antarana waé: (1) idéntifikasi jeung nangtukeun pasualan panalungtikan, (2) milih karangka konséptual, (3) ngawatesanan jeung ngarumuskeun pasualan, (4) nyieun percobaan, (5) milih sarta méré wangenan kana ngukur variabel, (6) milih prosédur jeung téhnik sampling nu dipaké, (7) nyusun alat sarta téhnik pikeun ngumpulkeun data, (8) nyieun coding, sarta ngayakeun éditng jeung ngaprosés data, (9) nganalisis data jeung milih prosédur statistik; sarta (10) ngalaporkeun hasil panalungtikan.

Dumasar kana pedaran di luhur, pikeun nyangking hasil panalungtikan nu dipimaksud, ditangtukeun desain panalungtikan nu miboga sababaraha tahapan saperti gambar ieu di handap.

3.2. Sumber Data Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh dilaksanakeun pikeun ngulik babasan jeung paribasa Sunda mibarang. Ieu data sumberna tina dua buku kumpulan babasan jeung paribasa Sunda, data dina ieu panalungtikan nyaéta babasan jeung paribasa mibarang. Numutkeun Arikunto (2016, kc. 172) sumber data nya éta subjék ti mana éta data dipaluruh. Sumber data anu dipaké nya éta sumber tinulis atawa

sumber data *paper*. Sumber data *paper* mangrupa tanda-tanda atawa simbol nu bisa mangrupa keretas atawa barang-barang nu digunakeun dina métode dokuméntasi. Aya dua buku anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan téh anu ciri-cirina saperti ieu di handap.

- a. Buku *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda* karya Budi Rahayu Tamsyah
 - Citakan : Méi 1994
 - Wedalan : CV. Pustaka Setia
 - Kandelna : 160 kaca
 - Ukuran : 20 cm x 14 cm.
- b. *Pakeman Basa Sunda* karya Yayat Sudaryat
 - Citakan : Nopémber 2016
 - Wedalan : PT. Dunia Pustaka Jaya
 - Kandelna : 224 kaca
 - Ukuran : 20 cm x 14 cm.

Éta dua sumber data téh mangrupa buku kumpulan babasan jeung paribasa Sunda. Tina dua sumber éta dijaring babasan jeung paribasa ngaran barang.

3.3. Téhnik Ngumpulkeun Data

Ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan digunakeun téhnik dokuméntasi. Luyu jeung pamadegan Arikunto (2016, kc. 158) nétélakeun yén téhnik dokuméntasi mangrupa téhnik anu ngalibetkeun panalungtik kana wangun tulisan-tulisan seperti buku-buku, majalah, dokumén, catetan poéan, jsb. Lian ti éta, dina ieu panalungtikan ogé ngagunakeun téhnik ulikan pustaka. Ulikan pustaka atawa studi pustaka dilakukeun pikeun meunangkeun objék panalungtikan anu sumberna tinulis sarta pikeun néangan tiori-tiori jeung sumber anu ngarojong kana panalungtikan. Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun datana saperti ieu di handap.

- a) Nangtukeun buku nu rék diulik nyaéta buku *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda* karya Budi Rahayu Tamsyah, spk. jeung buku *Pakeman Basa Sunda* karya Yayat Sudaryat.
- b) Maca dua buku sumber data.
- c) Nyirian babasan jeung paribasa mibarang.

- d) Nyalin babasan jeung paribasa mibarang kana kartu data.

3.4. Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéan leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis, nepi ka leuwih gampang pikeun diolah.

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta instrumén kartu. Instrumén kartu mangrupa instrumén nu digunakeun pikeun nyalin data babasan jeung paribasa ogé wangunna. Dina kartu data aya lima hal, nyaéta:

- 1) Kode sumber buku *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda* (1000BPS), anu hartina buku *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda*
 - 2) Babasan (/B/) atawa paribasa (/P/)
 - 3) Nomer data, nomer babasan atawa paribasa dina unggal buku, upama babasan ka saratus hiji (/101/)
 - 4) Runtuyan kaca dina buku, upama aya dina kaca ka salapan belas (/19/)
 - 5) Wangun babasan atawa paribasa, upamana babasan wangun Frasa (/BWF/)
- Ieu di handap conto kartu datana.

Bagan 3. 1

Kartu Data

B	
<i>biwir nyiru rombéngeun</i> (1000BPS/B/101/19/BWF)	
Harti	: resep nyaritakeun cécék bocék jeung anu saenyana kudu dirusiaheun
Ngaran Barang:	nyiru
Wangun	: babasan wangun frasa

(1000BPS/B/650/30/BWF), hartina éta kalimah téh aya dina buku *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda*, buku ka-01, kaasup kana babasan, nomer data ka 650, kaca ka 30, kaasup kana babasan wangun frasa.

Tina kartu data, data babasan jeung paribasa mibarang tuluy disalin kana tabél data pikeun dibéré nomer kode saperti ieu di handap.

Tabel 3. 1

Data Babasan jeung Paribasa Mibarang

No Urut	No Data	Babasan jeung Paribasa	Kode
1.	(002)	Abis bulan, abis uang	(1000BPS/B/2/2/BWF)
2.	(009)	Akal koja	(1000BPS/B/09/13/BWK)
3.	(013)	Ambekna sakulit bawang	(1000BPS/B/13/13/BWF)
4.	(026)	Asa kagunturan madu kaurugan menyan bodas	(1000BPS/B/26/15/BWF)
5.	(025)	Asa ditonjok congcot	(1000BPS/B/25/14/BWF)
6.	(030)	Asa peunggas rancangan	(1000BPS/B/30/15/BWF)
7.	(038)	Awak kawas badawang	(1000BPS/B/38/16/BWF)
8.	(040)	Awak sampayan	(1000BPS/B/40/16/BWK)
9.	(042)	Awéwé dulang tinandé	(1000BPS/B/42/16/BWF)
10.	(048)	Aya gantar kakaitan	(1000BPS/B/48/17/BWF)

3.5 Téhnik Analisis Data

Sanggeus data kakumpul tuluy dianalisis. Analisis data anu dilakukeun ku cara ngalaksanakeun prosedur-prosedur analisis data. Téhnik analisis atawa ngolah data dipaké pikeun méré déskripsi-déskripsi kana data anu geus diolah. Sugiyono (2017, kc. 244) nétélakeun yén analisis data nyaéta prosés néangan jeung nyusun data sacara sistematis. Dina nganalisis data digunakeun téhnik analisis unsur langsung. Unsur-unsur nu dianalisisna nyaéta ma'na jeung wangun dina babasan jeung paribasa mibarang. Anapon léngkah-léngkah ngolah datana saperti ieu di handap.

- a) Mariksa data babasan jeung paribasa mibarang nu geus dikumpulkeun.
- b) Ngawilah-wilah data babasan jeung paribasa mibarang dumasar kana (1) bahan (2) barang *berharga* (3) kaagamaan (4) kadaharan (5) kasenian (6) ngaran (7) pakakas (8) pakéan (9) parabot dapur (10) babagian imah.
- c) Nganalisis babasan jeung paribasa mibarang dumasar kana (1) babasan wangun rundayan (2) babasan wangun kantétan (3) babasan wangun frasa, ogé (1) paribasa wangun salancar (2) paribasa wangun ngantét.
- d) Ngadéskripsikeun babasan jeung paribasa mibarang dumasar kana ma'na nu dikandungna.
- e) Napsirkeun wangun babasan jeung paribasa mibarang.
- f) Nyieun kacindekan.